THE
LEGAL AID
SOCIETY
Justice in Every Borough.

**Lan nga soxla xam ci lu jeum ci batakhalu 60 fan yi**

New York City dina diokhe batakhal bu 60 fan ci njaboot gi am ay khale youy dundu ci biir centre biy saytu wallum ndimbeul bi jeum ci nitt gni nekk ci nekkin bu jamp gnu tudde ko (¨HERRCS¨).

HERRCS deuku way leu ngir nitt gniy wutt asil te dugu Etats Unis ginaw weeru mars 15 fan, attum 2022. Batakhalu 60 fan yi day wakh njaboot yeup ni deuku way yi day dieex ginaw 60 fan.

**Kan moy meuna jott ci batakhalu 60 fan ?**

Su fekke ni da nga deuk ci HERRC, dinga jott batakhalu 60 fan. Su fekk da nga deuk ci gox biy saytu gni ammul deuku way (DHS), amo appu way ci sa de nekkin fi.

**Lan la appu way yu batakhalu 60 fan yi di tekki?**

Day firnde ni am nga ci li geun nga beuri 60 fan tambalee ci beusu batakhal bi ngirdeuk ci fi nga deuk ni. Ginaw 60 fan, dina la warr nga niowaat ci ca dalu kay bi nekk ci Roosevelt Hotel su fekke ni beug nga deuku way bu bes.

**Ndax meunna yokk sama nekkin fi ci sama deuku way lu eup 60 fan ?**

Meun nga jott yokkute bu fekke da nga bokk ben ci gnii :

**Gni eumb walla ay liir**

Gni eumb beu tollu ci weer yi mujju ak liir yi amagul 6 weer warnagn am ci lu gaaw lu moy yon wi di 60 fan. Gni ni meun nagn deuk sen HERRC beu liir bi di am lu 6 weer

**Gni ame laago**

Su fekke ken ci sa njaboot da ame laago, njaboot gi yeup meun na am yokkute ci sen deuku way ci batakhalu 60 fan yi. Su fekke ni laao gi dafa feus (beu mouy deme puss puss), soxla wo am louy firnde laago gi. Su fekke ni laago gi feussul, ki ame laago warna am app batakhal bu duppe ci facc kat (walla ci ko xamne xam xam am macc na ci wallum laago) biy wone li takh

njaboot ngi ame laago wara am yokkute ci. Su fekke ni nangul nagn len deuku way bi njaboot gi yeup dina jott batakhal biy yokk sen 60 fan yi. Khamal ni : ame laago kesse doyul ngir am yokkute, teeri bi warna wax lu tax yokkute gi am solo ngi deukkal nitt ki ame laago.

**Lan la njaboot yi wara def bu gnu jotte btakhalu 60 fan yi ?**

Gox bi day ci yaw nga jeuma wutt fenen fo deuk, waxal ak liggeey yi askan wi ak mbotaay yi dul lacc koppar ngir nga ma ndimbeul ci nioom, te nga dieuma lijanti ay yoon ngir nga am liggey walla njang bilay meuna dimbali ngir nga toukhou.War nga dajje ak kilay toppatol say mbir ngird waxtaan ak mom yenen ni tannef ci deukku way yo wara meuna am. So xame ni di nga soxla gnu yokkal leu ndax ken ci sa njaboot da ame laago, war nga wax ak kilay toppatol say mbir walla njiit yi ci berab bu HERRC ci lum geuna gaawe ci ningay def beu am deukku way bu jaar yoon.

**Louy xew su fekke ni awma fenen fuma dem ginaw 60 fan yi ?**

Ci beussum 60-ba, warnga dadiale say moomel yep, gennal ci sa deukku way tey ji, te

nga dem Roosevelte Hotel (bi gnu xame tamit berabu negandiku beu) bi nek 45 East 45th Street, New York, NY10007. Meuno baayi say moomel ci sa deukku way yu tey jii ba.Ca Roosevelt Hotel, am na reud biy wutale njaboot yi niowat ginaw 60 fan yi Di nga am lekk fi ak gnou lay wuttal fo nekk.

**Ndax samay dom meun nagn bagna dem ekol ci waxtu wi sama njabbot di xaar jeuf ci Roosevelt Hotel ?**

Xale yi meuna dem ekol meun nagn dess ekol filek yangi laajat benen deukku way ginaw 60 fan yi. Su fekke ni gox bi deukkal nala ci HERRC bu bes, meun nga jubal fofu rek fekk soxla wo ngay yobbu say dom Roosevelt Hotel.

Waaye, meuna nga jott deukku way ci DHS yu yagg ya walla ci neegu hotel jaare ko ci mboolo hotellu ney york yi (HANYC). So ame ben ci deukku way yi, war nga indi say dom Roosevelt Hotel bala nga dem ci deukku way bu bes bi. Njiit yi nekk berabu negandiku beu di nagn la wax dax warnga indi say dom ginaw bign joxe say njabott deukku way.

**Ndax dina amat benen deukku way suma ko laajaate ginaw 60 fan yi?**

Waw. Njaboot yi am ay dom yello nagn deuk ci New York City,yokku ci gox bi warna uttal sa njaboot benen deukku way soy laajat. Deukku way bu bes bi meun nek ci HERRC beu 60 fan, bu fekke ci hotel dina dem beu 28 fan, bu fekke ci DHS amoul app.

**Ndax meunna dellu ci sama deukku way bu ndieuk bi ginaw bima lajatte?**

Meunul nek, deet. Fi, gox bi du diggal njaboot yi dellu wat sen deukku way yu ndieuk bi. Di nga jott deukku way bu bes ben ci yi New York sistem di dioxe. Ii eup ci njaboot yi di nagn jott deukku way ci HERRCs waye nienen meun nagn jott ci DHS sistem bayeko ci terinu HANYC.

**Ndax sama njaboot dinagn am deukku way bu jegge sama ekolu ay dom?**

Tey jii, deukku tax wi neena njaboot dinagn deuk ci deukku way ci bi arondisma bi sen ni dom yu ndaw yi di dem ekol. Li politik bu bes leu, waye deukku tax wi dingul njaboot yi seni dom yu ndaw yi dem ekol ci ben arondisma bi ginaw bi sen batakhalu 60 fan jeexe. So beuge am ay leeral ci sa akh dom ci jang, kholal:What You Need to Know About Your Rights As a New Immigrant Student

**Louy khew su fekke ni sama njaboot jotte na imel ci sama deukku way bu yagg beu?**

Batakhal yiy jaar ci imel dinagn fa nekk beu 30 fan ci sa deukku way bu yagg bi kon meun nga niowat jeul ko. Ginaw lolu, deuk bi dina seddale imel bi. Deukk bi mingi jeuma xool nimouy def beu nitt gni am ay teere yu am njeurigh te jar yoon tamit.

**Beu kagn la ladjat bi dem ginaw bi sama batakhalu 60 fan yi jeexe?**

Meunna dieul ay waxtu, waye war nga am deukku way ci ben bes bi nga laadje.

**Beddikatt**

Batakhal yi niongi bayeko ci Legal Aid Society ngir khamale kesse waye dugnu ay tektal yu niou yoonal. Batakhal bi amoul jeumu kay ngir indi, te jott ci tekkiwul, lokkolo digante

awoka ak klien. Warro jeuffe ben batakhal te amo ay tektal yu jeum ci yoon.